



e-Tips for Families

Kreye yon Anviwònman Aprantisaj ki Pozitif

Yon biwo nan yon chanm trankil se anviwònman ideyal la. Si w pa gen anpil espas, montre w kreyatif nan fason w itilize kèlkeswa espas nan kay la ou pa itilize: yon koulwa, yon klozèt, oubyen yon kwen kapab meyè espas ou bezwen an.

Men kèk konsèy pou n ka reyisi:

1. Kite pitit ou planifye espas travay li.
2. Asire w espas la byen klere e pa gen distraksyon ladan.
3. Itilize kas pou anpeche bri ki ap soti deyò, espesyalman si gen lòt moun ki pataje espas la.
4. Ou dwe gen bonjan elektrisite ak konektivite.
5. Kite pòt yo ouvè, e pratike bonjan sekirite sou entènèt.

Brought to you by

M-DCPS Office of Community Engagement

@MDCPSCommunity